

Swen Matènite nan Respè Enpòtan pou Nou nan CHA



Nou pran angajman pou nou...

1. **Trete ou avèk diyite epi ak respè** pandan sejou ou nan lopital la.
2. **Prezate tèt nou** ak wòl nou ba ou ak moun k ap ba ou sipò yo lè w ap antre nan sal ou a.
3. **Travay pou konprann ou** antanke inik endividi, koute objektif ou yo ak enkyetid ou yo ki an rapò ak nesans timoun nan avèk atansyon.
4. **Kominike byen ak ekip swen sante ou**, eksplike oumenm ak moun k ap ba ou sipò a tout bagay, epi itilize sèvis entèprèt yo nenpòt lè sa nesèsè.
5. **Kolabore avèk ou pou tout desizyon** pou ou kapab chwazi sa ki bon pou ou a.
6. **Valorize limit pèsònèl ou yo** epi toujou respekte diyite ou ak modesti ou pandan n ap mande ou otorizasyon ou anvan nou manyen ou oswa fè egzamen yo.
7. **Reponn ak bezwen ou yo lè yo prezante**, ansanm avèk lè ou mande èd pou jere doulè.
8. **Rekonèt eksperyans swen sante oparavan ou yo** ka afekte eksperyans akouchman ou - nou pral fè efò pou nou bay swen an sekirite, ekitab epi nan respè.
9. Asire w ou soti nan lopital la avèk konesans ak konpetans pou **pran swen tèt ou ak tibebe w la**.
10. **Pare pou tande tout enkyetid** oswa fason nou kapab amelyore laswenyay ou.